


Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Yesaya Ningali Kahareup



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Jonathan Hay

Disaluyukeun ku: Mary-Anne S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Yesaya nyaéta nabi. Tugasna nyaéta nyaritakeun jalma-jalma naon anu didawuhkeun ku Allah.



Jalma-jalma teu salawasna nguping kana Dawuhan Allah, tapi Yesaya henteu kungsi nguciwakeun Allah. Yesaya ngahutbah dina mangsa pamaréntahan opat raja béda.



Uzia


Yotam

Ahas

Hiskia



Raja Usia marentah tanah Yuda ti kota Yerusalem. Sabot mimiti, Gusti ngaberkahan Uzia sabab anjeunna milampah anu leres di payuneun PANGERAN. Tapi Uzia teh malah reueus jeung eureun nurut ka Allah. Anjeunna tuluy gaduh panyawat lepra sareng kedah hirup nyalira dugi ka maotna.




Raja Usia marentahna leuwih ti 60 taun. Sabada pupus, Yotam putrana ngagentos anjeunna sarta marentahna tujuh belas taun. Allah ngaberkahan Yotam lantaran ngadéngékeun omongan Allah ngaliwatan Yesaya jeung nabi-nabi séjénna.



Putra Raja Yotam nyaéta Ahas.
Ahas yuswa dua puluh taun nalika
anjeunna mimiti jadi raja, sarta
anjeunna ngarajaan genep
belas taun di Yerusalem.



Ahas teu paduli ka Allah. Manéhna nyembah brahala jeung allah palsu, sarta ngabalukarkeun loba umat Allah pikeun ngalakukeun hal nu sarua. Sanajan Yesaya ngingetkeun manéhna, Ahas teu daék ngadéngékeun pépéling Allah. Anjeunna maot nalika anjeunna yuswa mung 35 taun.



Allah ngaberkahan raja saterusna, Hiskia, sabab anjeunna ngaleungitkeun sagala brahala jeung dewa palsu, sarta neneda ka Allah sajati. Nalika tentara musuh narajang Yuda, Hiskia nyaho tentarana lemah teuing pikeun meunang. Manéhna ménta Yesaya pikeun ngadoa ménta tulung ka Allah.



Yesaya ngirim pesen ieu ka Raja. "Kieu timbalan ALLAH: Ulah sieun musuh ieu ... Kuring baris nyieun manehna ragrag..." Lajeng saatos eta, Allah ngusir tentara musuh indit bari jeung teu tarung sareng Hiskia.



Sanaos jalma-
jalma di
sabudeureun
anjeunna
henteu
nganggap
pisan ka
Allah,



Yesaya seueur
mikiran Anjeunna.
Hiji poé, manéhna
ningali tetemem-
poan, nu kawas
ngimpi lamun
anjeun teu saré.
Dina tetempoan
éta,
Yesaya
ningali
kumaha
mulya tur
sucina
Allah.



"Saha nu kudu diutus?"
Allah nanya dina tetempoan.
"Ieu abdi. Utus abdi," waler
Yesaya. Anjeunna kersa
milampah naon waé anu
dipasihkeun ku Allah, sareng
angkat ka mana waé anu
dipiwarang ku Gusti.



Panginten Yesaya nebak-nebak yen Allah bakal ngutus anjeunna ka jalma-jalma anu jauh anu henteu acan kantos ngadangu perkawis Allah. Tapi henteu, Allah henteu ngalakukeun éta. Allah miwarang Yesaya nyarita ka umatna di nagri sorangan. Anjeunna kedah nyarioskeun yen Allah bendu kana dosana.




Aya deui hal-hal anu diomongkeun ku Yesaya ka
umatna - hal-hal anu endah ngeunaan Anjeunna
anu bakal janten Jurusalamet anu perkasa sareng
sumping pikeun nyalametkeun


aranjeunna
tina dosa
sareng tina
sadaya
musuhna.



Urang Yahudi nyebat ieu jalma teh "Mesias".
Sanajan maranéhna ngarep-ngarep Allah ngutus
Mésias, loba oge jalma hirupna dina kaayaan anu siga
mantenna moal sumping.



Sagala anu dicarioskeun
Yesaya ngeunaan Al
Masih ditulis
dina kitabna.
Sanajan manéhna
nulis ieu ratusan
taun saacan
kajadian, sagala
nu diomongkeun
Yesaya ngeunaan
Mésias bakal
laksana.





Yesaya nyebutkeun yen Allah sorangan bakal masihan tanda. Saur-Na,

"Tingali, eta parawan bakal ngababarkeun saurang putra, sarta ngaranna Immanuel."

Jalma-jalma terang yén Yesaya nyarioskeun ngeunaan Mésias Allah sabab teu

tiasa lamun awewe parawan sareng tapi gaduh budak. Kukitu oge, nami Immanuel hartosna Allah sareng urang!





"Kanggo urang sadaya saurang Putra tos dilahirkeun, Saurang Putra geus dibikeun ka urang; sarta pamaréntahannana bakal ditangtukeun dina taktak-Na. Ngaranna bakal disebut Endah, Pamingpin, Allah Perkasa, Rama anu langgeng, Pangeran Damai." Yesaya yakin pisan yén jangji Allah bakal laksana, cariosanna siga anu geus laksana. Ieu ni disebut nubuat teh.



Yesaya nyarios yén Al Masih bakal ngalakukeun hal-hal anu hébat. Allah ogé nitah Yesaya pikeun nyaritakeun jalma-jalma yén Mésias bakal sangsara tuluy dipaéhan. Yesaya tangtu heran kumaha Mésias jadi hébat sarta kuat nanging bisa ogé lemah sarta tatu. Tapi Yesaya henteu ngabantah ka Gusti - anjeunna ngan ukur ngulang naon anu dicarioskeun ku Gusti. Allah bakal mastikeun nubuat-Na bakal laksana.



Al Masih bakal sumping - henteu ngan pikeun urang Yahudi wungkul. Allah nyarioskeun ka Yesaya yén Mésias bakal janten "cahaya pikeun bangsa-bangsa sanés". Kahir nyaéta sakabéh jalma di dunya anu lain Yahudi. Gusti mikanyaah sadayana sareng Al Masih-Na bakal sumping pikeun ngaberkahan sadayana sareng nyayogikeun kasalametan dugi ka tungtung dunya.



Yesaya Ningali Kahareup


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Yesaya 1, 6, 7, 9, 53

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

